# BILEGI KÚSHLI BIRDI JIǴADI, BILIMI KÚSHLI MIŃDI JIǴADI

**Seytbekova Z.R.**
*3-basqısh talabası*

Ilimiy basshi: dosent **N.A.Qaypov**
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik universiteti Dene mádeniyatı fakulteti*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15643908**

***Annotaciya:*** *Maqolada dunyodagi ijtimoiy va tarixiy progressning rivojlanishi, ziyoli (intellektual), bilimli yoshlarning yetigligina bog'liq ekanligi haqida fikrlar bildirilgan.*
***Kalit so'zlar:*** *Bilim, inson, fikr, ziyoli, yetiglik, ma'naviy kuch, ijtimoiy.*

***Аннотация:*** *В статье высказывается мнение, что развитие общественного и исторического прогресса в мире зависит от зрелости интеллектуальной и образованной молодежи.*
***Ключевые слова:*** *Знание, человек, мысль, интеллектуал, зрелость, духовная сила, социальный.*

***Annotation:*** *The article expresses the view that the development of social and historical progress in the world depends on the maturity of intellectual and educated youth.*
***Key words:*** *Knowledge, human, thought, intellectual, maturity, spiritual strength, social.*

Zıyalı adam - bilimli adam. Bilimli adam kishpeyil adam. Sebebi, bilim aqıldıń deregi. Bilimlilik – ádeplilik, aqıllılıq, sabırlılıq, tuwrılılıq, rasgóylilik, páklik, jetiklilik degen túsinikti ańlatadı.

«Adam aqılınıń shıraǵı – bilim,
Báleden saqlawdıń jaraǵı – bilim,
Bilimnen jaqsıraq ǵáziyne bolmas,
Ol – bir tasqın bulaq suwı tawsılmas» ( A. Rudakiy).

Álbette bilim insandı bezeydi, onıń ómirdegi ornın belgilep shoqqılarǵa kóteredi. Adamnıń mánisi tek denedegi kúshte emes, al onıń aqılında,ruwxıy kúshinde. Ruwxıy kúshliliksiz – kúshlilik joq, bilimlilikte joq. Ruwxıy kúshlilik insanda qáliplesiw ushın ótkir, tereń hám tıyanaqlı bilim, súyener pikirler kerek.

Adamzat ushın bilimlendiriw - bilimdi, iskerlikti janlandırıwshı, turmıstı reformalawshı kúsh. Eger olay bolmay, bilimdi, bilimlilikti, tek diplom alıw, dep túsinip alsaq, onda bilimniń, bilimliliktiń bahası kem-kemnen túse beredi. Bilimlendiriwdiń wazıypası adamnıń rawajlanıwın, óziniń tábiyiy hám tariyxıy jaǵdayların túsiniw hám ol jaǵdayda shaqqan háreket etiwge baǵdarlanıw. Onnan paydalanǵan bilimli adam dógeregindegi qublıslardıń bárin jetik túsingen, kórgen, esitken jáne ańǵarǵan nárselerdiń bárin yadına saqlaytuǵın hám oǵan quwanatuǵın yaki janı ashıytuǵın alǵır, ańǵarıwshı aqıl iyesi, sheshen, ónerdi iyeley beriwge

qushtar, qánáátshil, janı taza hám ar-namısın ardaqlaytuǵın, jaqınına da, jatına da ádil, jurttıń bárine jaqsılıq penen úlgi kórsetip, qorqınısh penen jasqanıwdı bilmeytuǵın batıl er júrek adam. [1:150].

Hár bir insan kim bolıwına, qaysı millettiń wákili bolıwına qaramastan onı kóteriwiniń jámiyetlik áhmiyetin umıtpaw kerek. Álbette bul ushın ruwxıy tárbiya zárúr.

Prezidentimiz Shavkat Mirziev : «Biz xalqımızdıń dúnyada hesh kimnen kem bolmaslıǵı, perzentlerimizdiń kúshli hám bilimli, baxıtlı bolıwı ushın ruwxıy tárbiya máselesi áhmiyetli» [2:32].- dep kórsetip ótken edi. Haqıyqattanda insan kamalatınıń tiykarǵı ólshemleriniń biri ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq bolıp esaplanadı. Ol millettiń abadanlıǵı hám mámleket rawajın támiynleytuǵın tiykarǵı faktor. «Patsha ushın eń jaman is xalıqtıń ádepsizligudur» delinedi. Sonıń ushın Prezidentimiz «Joqarı ruwxıy jetik áwladtı tárbiyalay alsaq ǵana aldımızǵa qoyǵan maqsetlerge erise alamız, elimizde abadanlıq hám rawajlanıw ámelge asadı» dep tastıqlawları biykarǵa emes. Ádebiyat hám kórkem óner shıǵarmaları ǵárezsiz respublikamız puxaralarınıń ruwxıy dúnyasın bayıtıw, olardıń sanasına dúnyada gózzal nárselerdiń bar ekenliginen xabardar etiw sıyaqlı ájayıp qásiyetler menen xızmet etedi. Ruwxıy ideyası joqarı, kórkemliligi bálent ádebiyat hám kórkem óner shıǵarmaları adamlar qálbine tezirek jol tawıp, estetikalıq talǵamına kúshli tásir etip, turmıslıq waqıya-hádiyselerdi tereńlestiriwge járdem etedi. Sonıń ushın ádebiyat hám kórkem óner shıǵarmaları jaslardı joqarı ruwxıy-ádep ikramlılıq tárbiyalawdaǵı kórkemlik qural xızmetin atqaratuǵın qásiyetlerinen imkanı barınsha keńirek paydalanıw úlken áhmiyetke iye. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtıń atap ótiwinshe: «Biziń háwes qılsa arzıytuǵın ullı tariyxımız bar. Háwes qılsa arzıytuǵın ullı ata-babalarımız bar. Ata-babalarımızdıń jarqın esteligin asırap-abaylaw, qálbimizde, júregimizde máńgi saqlaymız» hám men isenemen, háwes qılsa arzıytuǵın ullı keleshegimiz, ullı ádebiyatımız xám kórkem-ónerimiz hám álbette boladı hám dúnya tezlik penen ózgerip, turaqlılıq hám xalıqlardıń rawajlanıwına kesent etetuǵın túrli jańa qáweter hám qáwipler payda bolıp atırǵan búgingi kúnde ruwxıylıq hám aǵartıwshılıqqa, ádep-ikramlılıq tárbiya, jaslardıń bilim alıw, kámalǵa jetiwge umtılıwına itibar qaratıw hár qashanǵıdan da áhmiyetli bolǵanlıqtan, ilim hám texnologiyalardıń jedel rawajlanıwı, joqarı informacion texnologiyalardıń mámleket hám jámiyet turmısındaǵı roliniń artıp barıwı ilimniń alǵa ilgerilewindegi perspektivalardı belgilep alıw zárúrligin tastıyıqlaydı.

Álbette ruwxıy tárbiyada xalqımızdıń bay ruwxıy miyrasınan paydalanıw onıń tásirsheńligi, nátiyjeligin asırıwda áhmiyetli usıl bola aladı. Jaslarımıdıń ruwxıy tárbiyasında YUsup Xas Xajib, Axmad YUgnakiy, Xoja Axmed Yassauiy, Lutfiy,

Alisher Nawayı, Abduraxman Jamiy, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq, Abay, Mashrab, Muqimiy, Furxad, Abdulla Kadriy, Sholpan, Usman Nasır sıyaqlı klassik shayır hám jazıwshılarımız shıǵarmalarınan paydalanıwımız, olardıń qálbin, ruwxıy dúnyasın bayıtıwda oǵada áhmiyetli. Olardıń bizge qaldırǵan bay kórkem ruwxıy miyrası óziniń tereń filosofiyalıq mazmunı, ádep-ikramlılıq jónelisi menen ajıralıp turadı. Klassikalıq kórkem óner shıǵarmalarında hadallıq, páklik, tuwrılıq, birewdiń haqına qol salmaw, qıyanet etpew, insandı súyiwshilik, watandı súyiwshilik, miynetti súyiwshilik, dıyanatshılıq, iymanlılıq, hadal tabıs penen kún kóriw, ata-ananı húrmet qılıw sıyaqlı insan ushın zárúr ruwxıy qásiyetler joqarı kórkemlik dárejede bayan etilgen.

Ruwxıy tárbiyada Pirimqul Kadirov, Adil Yakupov, Said Axmad, T.Kayıpbergenov, Ótkir Xoshimov, Toxir Malik sıyaqlı jazıwshılarımız, I.YUsupov, A.Aripov, Erkin Vaxidov, Oydin Xojieva, Aman Matchon sıyaqlı shayırlarımızdıń shıǵarmalarınan keń paydalanıw, kórkem dóretpelerdegi qaharmanlardıń minez-qulqı, ádep-ikramlılıǵı, ruwxıy dúnyası haqqında sáwbetlesiwler, pikir alısıwlar ótkeriw ulken nátiyje beredi.

Ulıwmalastırıp aytqanımızda bilimdan keleshek rawajdıń qulı, onıń xızmetshisi. Ol tek ózin qorshaǵan turmısqa óziniń jeke mápi ushın xızmet etpeydi. Álbette olar joqarıda keltirip ótkenimizdey babalarımız miyraslarınan ruwxıy suwsın alıp, dúnyanı keńnen túsinip onıń keleshegi jolında ayanbay xızmet etedi.

**Bunnan shıǵaratuǵın tiykarǵı juwmaq:**

1. Zıyalı, bilimli hár tárepleme jetik insan jámiyet keleshegi hám tiregi.
2. Olar álbette keleshek áwladtıń sanasıda Ana Ўatanǵa bolǵan muhabbat tuyǵısın oyata aladı.
3. Ana tilimizdiń tazalıǵın úyretiw menen birge húrmetin ornına koya aladı.
4. Jaqsılıq tımsalı bolǵan ata-ananı, tuwǵan tuwısqandı ulıǵlawdı úyretedi.
5. Ulıwma insanıy qádriyatlarǵa sadıqlıq ruwxında tárbiya alıwǵa shaqıradı.
6. Milletler ara tatıwlıqtı bekkemleydi.
7. Ruwxıy miyraslardı bekkemlep hám rawajlandırıw jolında xızmetler etedi.
8. Óz tariyxın biliw arqalı ózlikti ańlaw kerekligin jaslarǵa uqtıradı.
9. Iymanlı, insaplı, dıyanetli, ádep-ikramlı, bárkamal hám kámil insan túsiniklerin qáliplestiredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Qádiriyatlar – mánáwiyat arnası. Nókis, «Qaraqalpaqstan». 2013.
2. Mirziyoev Sh.M. Erkin va farovon, demokratik Ozbekiston davlatini birgalikta barpo etamiz. Toshkent, Ozbekiston. 2017.